

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar tujuh perkara nu patali jeung métode panalungtikan. Éta tujuh perkara téh nyaéta (1) data jeung sumber data, (2) desain panalungtikan, (3) métode panalungtikan, (4) wangenan operasional, (5) instrumén panalungtikan, (6) téhnik ngumpulkeun data, jeung (7) téhnik ngolah data.

3.1 Data jeung Sumber Data

Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh kecap pagawéan anu aya dina fiksimini basa Sunda nu dicokot tina *website* fikminsunda.com dina bulan Desember minggu kadua dina tanggal angka jangkep nyaéta tanggal 8,10,12,14. Jumlahna aya 84 karya, nu ditulis ku 53 pengarang.

Tabél 3.1

Daptar Pengarang jeung Judul Fiksimini

No.	Pangarang	Judul Fiksimini
(1)	(2)	(3)
1	Aam Amarullah	Budak Neulis, Aka & Hellip;!
2	Aan Ikhsan Gumelar	BBM ti Sobat Dalit
		Panyecep
3	Achiel Syam	Ajengan Sepuh di Mumunggangkalapa
		Di Teras Rumah Sakit
4	Ade Saeful Azis	Man Of The Year
		Muadzin
5	Ahmad Fawzy Imron	Bujur Maung
		Palawan
6	Ai Halimah	Lain Eta
		Néangan Sirungna
7	Aming Tamim Firdaus	Na Pangkonan
8	Aminta Zein	Si Jéksen
9	An Ikhsan Gumelar	Ajengan Sepuh jeung Tukang Béca
10	Andriekw	Ngéléhan Heula
11	Anida salamah	Guardian Angel
		Éra
12	Anisha Larasati	Diudag ku Tukang Angkot


(1)	(2)	(3)
13	Bumi Andri Permadi	Kapahung
14	Cucu Unisah	Peteng
15	Dadah Hidayat	Manuk
		Sapatu
		Langlayangan
		Sasakala Gulutuk Nyengir
16	Daniel Rana Pabissa	Teu Puguh
17	Darpan A Winangun	Bungur Jaya
18	Emi Maryami	Adé (3)
19	Endang Rochimat	Cangcaya
		Gupay Paturay
20	Eni Setiani	Édod lain Odéd
21	Eros Rosnida	Hoyong Nurutan
22	Fairah	Putus
23	Hadi Aks	Dua Fantasi
24	Herdy Mulyana	Bajigur
25	Ida Nurulhuda	Bekas
26	Irman Nurhapidudin Dimyatié	Aborsi
27	Is Tuning	Nu Lieur
28	Jaya Wahyudi	Lain Keur Urang
29	Jejen Jaalani W	Pondok Dongen Dijeungkalan
		Reueuk Keukeupan
		Bodas nu Jadi Pangéling Diri
		Sajatining Manusa
30	Kang Bibih	Neng Omah
		Kondom
		Jurig Curuk
31	Karlani Supiadi	Kabungah
		Bangbaluh
		Sendal Capit Warna Héjo
32	Mimin Wiati	Mawar
		Sabot Nahan Lapar
33	Muhammad Moulya	Ironis
34	Mulyana Surya Atmaja	Studi Banding
		Sang Proklamator
		Tunjangan Anak
		Bung Kusan
35	Neneng Sitanggang	Si Enjay

(1)	(2)	(3)
36	Neneng Yatikurniati	Suvenir
		Casablanca
37	Rameli Agam	Overpopulasi
38	Rita Rosita	Kananga Kameumeut
		Neuteuli
39	Rohendi Pandeglang	Bebegig Palid
		Debus-Kadugalan
40	Rury Zaezar Hendraya Pratama	Perang Pandawa
41	Salma Syahidah	Sumanget Diajar Eps. Sabrina
42	Samo Sutardi	Ngalindur
43	Syarif Zainal Abidin	Hébras Pasirlangu
		Hujan Ahir Taun
44	Tety Solehawati	Kembang Katineung
		Budah Laut
45	Titin Suryani	Tujuh Taun Kalarung
46	Tito WA-carda	Lalakon Saré
47	Tuti Halimah	Kingkilaban
		Wanci
		Ahéng
48	Usep Romli Abdul Hamid	Rumah Tangga Naraka
49	Usin Muhsin	Salah Ubar
		Ngalatih Otak Katuhu
50	Yayan Rusyana	Silalatu
51	Yosep	SK Mutasi
		Itungan Sagedé Sieur
		Cileuncang
52	Yuska Sadéwata	Palidna Rampé Anjungsari
53	Yusuf S. Martawidenda	Ki Asnaip : Bon Kosong

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan ngawengku (1) studi awal, (2) nangtukeun sumber data, (3) ngumpulkeun data, (4) ngumpulkeun data, (5) Analisis data, (6) deskripsi data, jeung (7) nyieun kacindekan. Kalawan ringkes, léngkah-léngkah ieu panalungtikan digambarkeun dina ieu bagan dihandap.

Bagan 3.1
Galur Panalungtikan



3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif. Méthode déskriptif nyaéta méthode panalungtikan pikeun ngumpulkeun informasi ngéunaan fakta, kaayaan, jeung fenomena hiji kajadian anu keur lumangsung (Sugiyono, 2013). Tujuan panalungtikan déskriptif nyaéta keur ngadéskripsikeun, ngajieun gambaran sacara sistematis, faktual jeung akurat ngéunaan fakta-fakta jeung sifat-sifat populasi atawa daérah nu tangtu. Méthode ieu digunakeun pikeun mikanyaho :

- a. Kecap pagawéan nu kapanggih dina fiksimini basa Sunda,
- b. Wanda kecap pagawéan nu kapanggih dina fiksimini basa Sunda,
- c. Wangun kecap pagawéan disawang tina proses morfologisna, jeung

3.4 Wangenan Operasional

Wangenan operasional aya dina istilah anu perlu diwatesanan, *nyaéta* (1) Kecap pagawéan jeung (2) Fiksimini.

- a. Kecap pagawéan nyaéta sajumlah kecap anu nuduhkeun paripolah atawa gawé jalma jeung mahluk séjén saperti tutuwuhan jeung sasatoan (Sudaryat, 2003, kc.68).
- b. Fiksimini nyaéta tulisan dina wangun prosa nu ditulis dina basa Sunda; aya alur, plot, jeung tokoh-tokohna; panjangna sabisa-bisa henteu leuwih ti 150 kecap (Sutisna, 2013). Sedengkeun numutkeun Sudaryat, fiksimini *nyaéta* karangan prosa fiksi anu pohara singgetna.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumen anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Ku cara nyalin sakabéh kecap pagawéan kana kartu data anu geus disayogikeun. Kartu nu digunakeun dibéré idéntitas singgetan judul, tanggal, bulan, taun, paragraf jeung kalimah. Saterusna dipindahkeun kana tabél data anu dianalisis tina jihat wanda jeung wangun.

Ieu di handap conto kartu data:

Tabel 3.2: Kartu Data

M	
<u>Mawa</u>	(SE/081213/1/1)
Wanda	: KP kalakuan (aktivitas)
Wangun	: bawa + <i>N</i> → <i>mawa</i>

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nyaéta téknik studi bibliografi (ulikan pustaka). Ieu téhnik digunakeun pikeun ngajaring data kecap pagawéan tina *website* nu mangrupa fiksimini basa Sunda. Dina ngumpulkeun data dilaksanakeun léngkah-léngkah ieu di handap:

- 1) Nangtukeun waktu *website* fiksimini pikeun sumber data;
- 2) Muka fiksimini Sunda dina *website*;
- 3) Ngunduh data fiksimini tina *website*;
- 4) Ngelompokkeun hasil unduhan fiksimini dumasar kana pangarangna;
- 5) Nyirian kecap pagawéan tina fiksimini; jeung,
- 6) Nyalin kecap pagawéan kana kartu data.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data digunakeun téhnik analisis unsur langsung. Ari unsur anu dianalisisna nyaéta kecap pagawéan anu aya dina fiksimini basa Sunda dina *websitefikminsunda.com*.

Dina ngolah data téh diperlukeun langkah-langkah saperti ieu dihandap:

- a. Mariksa kalawan bener-bener data anu géus dikumpulkeun;
- b. Ngadaftarkeun sakabeh kecap pagawéan katut kode sumberna;
- c. Nyieun sacara alfabetis daptar kecap pagawéan;
- d. Ngitung jumlah kecap pagawéan nu aya dina fiksimini;

- e. Nyieun papasingan kecap pagawéan dumasar kana wanda jeung wangunna;
- f. Ngadéskripsikeun kecap pagawéan anu kapanggih dina fiksimini, jeung
- g. Nyieun kacindekan tina hasil ngolah data.

